COMMONWEALTH of VIRGINIA

DEPATMAN SÈVIS SOSYAL

Biwo Komisyonè a

S. Duke Storen
Komisyonè

7 out 2026

Chè Komèsan Virginia,

Pou plizyè milye fanmi nan Virginia, SNAP ede mete manje sou tab la epi sipòte yon avni ki pi an sante ak pi an sekirite. Komèsan yo se yon pati esansyèl nan misyon sa a, epi mwen apresye patenarya kontinyèl ou pandan n ap aplike yon chanjman enpòtan nan SNAP Virginia.

Apati **1ye Novanm 2026**, benefis SNAP yo pa ka itilize ankò pou achte **bwason gazez ki gen sik ajoute oswa edilkoran atifisyèl** (ki gen ladan soda, soda rejim/zewo, ak bwason enèjizan gazez). Tout lòt bwason yo rete kalifye pou SNAP.

Chanjman sa a aplike pou **tout tranzaksyon SNAP nan Virginia**, enkli kòmand sou entènèt ou satisfè. Virginia ap aplike aktyalizasyon sa a anba yon egzansyon apwouve. Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA). (Yo ka jwenn plis enfòmasyon sou egzansyon an nan www.fns.usda.gov/snap/waivers/foodrestriction/virginia).

Pou prepare w pou mizajou sa a:

- Asire ou **sistèm pwen vant yo** bloke bwason gazez, bwason sikre ki gen restriksyon yo kòmanse 1ye Novanm.
- Fòme anplwaye yo sou chanjman kalifikasyon SNAP la.

Pou sipòte mizajou sistèm yo, nou pral bay yon **lis Kòd Pwodwi Inivèsèl (Universal Product Code, UPC)** ak atik ki afekte pa chanjman sa a. Ou ka atann ou resvwa yon imèl separe nan men nou byento ak lis sa a.

Mwen vle asire w ke Depatman Sèvis Sosyal Virginia (VDSS) la pou sipòte ou menm ak biznis ou.

Nou pral kontinye bay:

- Kritè klè atik ki gen restriksyon yo
- Modèl pankat ak resous destine a kliyan
- Asistans teknik pa imèl
- Webinè si ou vle ak opòtinite pou ou poze kesyon

Virginia Retailers
Out 7, 2026
Paj De

Ou ka jwenn resous kominikasyon kliyan, lis klè bwason ki kalifye ak ki pa kalifye, kesyon yo poze souvan ak enfòmasyon adisyonèl nan **www.dss.virginia.gov/SNAPHealthy**.

Èske ou gen kesyon?
Tout Komèsan SNAP otorize yo envite pou rantre nan ajans nou an pou webinè ki dire inèdtan pou aprann plis sou SNAP Healthy ansanm ak tranzisyon an pou kat chip/EMV. Lidè VDSS yo pral prezante epi lè sa a, envite kesyon nan men komèsan.
Tanpri vin rankontre nou nan youn nan dat sa yo:

- Jedi 20 dawout 2026, 2 - 3 p.m. – Klike la pou w enskri
- Jedi 3 septanm 2026, 2 - 3 p.m. – Klike la pou w enskri

Mèsi pou patenarya ou nan sipòte yon dat san pwoblèmkliyan ak anplwaye yo.

Sensèman

S. Duke Storen